

Gwo transfòmasyon nan edikasyon moun k ap aprann nan plizyè lang (Multilingual Education, MLL) nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

Rezime rapò konsiltatif sou MLL (Multilingual) nan Vil Nouyòk
2025

Entwodiksyon

Nan yon vil miltikiltirèl ak ki gen moun ki pale plizyè lang tankou Vil Nouyòk, elèv lekòl leta nou yo nan yon pozisyon inik pou yo reyisi nan yon mond kote miltilengwis (multilingualism) ak konesans kilti gen valè ak konpetans esansyèl. Plis pase 44% nan elèv nou yo pale yon lòt lang ki pa anglè lakay yo epi tout elèv nou yo ansanm pale plis pase 156 lang. Mond lan reyini nan saiklas nou yo epi gen yon opòtinite san parèy pou prepare moun gradye, ki atravè divèsite eksperyans ak ekspozisyon yo, devlope kreyativite, komunikasyon, repons kiltirèl, ak sansibilizasyon global pou reyisi epi dirije nan yon mond ki konekte ansanm epi prepare avni an avèk konfyans ak objektif.

Rapò rezime sa a bay yon apèsi sou rezilta ak rekòmandasyon konsèy konsiltatif multileng (MLL) Vil Nouyòk, yon gwoup divès elèv, fanmi, edikatè, lidè lekòl ak distri, ak defansè ki soti nan senk borough yo fè. Travay solid konsèy konsiltatif sa a prepare teren pou yon plan estratejik senk ane ki gen entansyon elaji chemen multilingualism ak lidèchip mondyal pou tout elèv lekòl leta Vil Nouyòk yo, pandan y ap asire elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learners, ELL) nou yo prepare pou yo reyisi. Travay sa a etabli tou yon fondasyon pou defann enterè ak devlopman kominote ki nesesè pou reyalize plan an.

Y ap pibliye yon rapò konplè ak detaye, k ap bay plis detay sou travay ak rekòmandasyon konsèy konsiltatif la fè nan kontèks istorik ak estrikti edikasyon miltileng (MLL) aktyèl nan NYCPS pou ane lekòl sa a.

Yon ti apèsi sou tèm ki enpòtan yo

Nan rapò sa a, nou itilize tèm sa yo:

- **Lang yo pale lakay** - Lang prensipal yon elèv pale lakay li. Nan ane 2024-25, anviwon 44% nan elèv Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) te pale yon lòt lang ki pa anglè lakay li.
- **Elèv k ap aprann lang anglè (ELL)** - Yon elèv k ap aprann lang anglè, oubyen yon ELL, se yon elèv ki pale yon lang lakay li ki pa anglè epi ki te fè yon nòt ki pi ba pase nivo konpetans lan nan lang anglè nan egzamen eta Nouyòk pou idantifye elèv k ap aprann lang anglè (NYS Identification Test for English Language Learners, NYSITELL). Anviwon 19% nan elèv NYCPS yo te ELL pou ane lekòl 2024-25 lan.
- **Elèv k ap aprann nan plizyè lang (MLL)** - Elèv k ap aprann nan plizyè lang, oubyen MLL, ladan gen ELL aktyèl, elèv ki te ELL nan yon epòk, elèv ki pa t janm ELL men ki se moun ki pale yon lòt lang ki pa anglè, ak elèv k ap etidye lang mondyal. *Sonje:* Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED) la ak NYCPS fè referans avèk elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learners, ELL) kòm elèv k ap aprann nan plizyè lang /elèv k ap aprann lang anglè (MLL/ELL) eksepte nan ka kote y ap pale sou règleman eta a.
- **Imigran** - Yon moun ki vin viv anpèmanans nan yon peyi kote li te imigre. *Sonje:* NYCPS pa mande ni kolekte enfòmasyon sou estati imigrasyon elèv K-12yèm ane oswa sou fanmi yo

Konsèy konsiltatif multileng (MLL) nan Vil Nouyòk

Apèsi sou konsèy la ak objektif li

Pou 50yèm anivèsè dekrè akò Aspira (Aspira Consent Decree) a, NYCPS te anonse lansman konsèy konsiltatif multilingual Vil Nouyòk la pou devlope yon estrateji ki baze sou kominote pou fè *gwo transfòmasyon nan Multilingual Education*. Plis pase 375 elèv, fanmi, edikatè ak manm kominote a te eksprime enterè pou patisipe nan konsèy konsiltatif la atravè yon pwosesis aplikasyon ki te disponib. Yon ekip 15 manm ki soti nan NYCPS te revize aplikasyon yo avèk objektif pou kreye yon konsèy ki reflekte divèsite vil nou an—lè yo konsidere lang yo pale, reprezantasyon nan borough ak nan nivo klas ak konesans pèsonèl oswa pwofesyonèl yo sou eksperyans elèv k ap aprann nan plizyè lang ak sou eksperyans elèv imigran.

Yo te chwazi yon dènye gwoup ki gen plis pase 50 konseye pou sèvi nan konsèy konsiltatif la (gade lis konplè konseye yo sou sit [Multilingual NYC](#)) epi yo te pran fonksyon an novanm 2024. Yo te mete konseye yo nan sou-komite ki fokis sou twa domèn sijè diferan: Lekòl akeyan ak enklizif (Welcoming and Inclusive Schools), Pakou nan multilingualism (Pathways to Multilingualism), ak Preparasyon Lidè Mondyal (Preparing Global Leaders). Yon lidè NYCPS ak yon ko-prezidan komite ki soti nan konsèy konsiltatif la te dirije chak sou-komite yo ansanm.

Ant desanm 2024 ak jen 2025, konseye yo te reyini kòm yon gwoup konsèy konsiltatif konplè, avèk sou-komite yo, ak pou sesyon espesyal ki te fokis sou sijè espesifik. Reyinyon yo te gen ladan prezantasyon divès moun ki gen enterè te fè, tankou manm Biwo pou elèv k ap aprann nan plizyè lang (Office of Multilingual Learners) ak lòt biwo nan NYCPS, diskisyon nan sesyon angwoup, ak travay nan kolaborasyon pou revize ak devlope rekòmandasyon yo.

Rezilta Konsèy konsiltatif la

Pandan uit mwa yo t ap travay yo, konseye yo te fè fas avèk difikilte ki gen nan *multilingual education* nan NYCPS epi pataje divès opinyon, apati eksperyans yo fè ak ekspètiz pwofesyonèl yo genyen. Yo te revize done sou sa k ap pase kounye a, yo te poze kesyon difisil, epi yo te angaje nan diskisyon ki fèt sou menm sijè a plizyè fwa. Atravè pwosesis sa a, konseye yo te idantifye defi ki klè ak opòtinite nan travay la pou fè gwo tranfòmasyon nan edikasyon multileng nan NYCPS. W ap jwenn yon rezime sou rezilta sa yo pi ba a ak plis detay sou yo nan rapò konplè a.



Rezilta enpòtan

- **Aksè nan bon kalite pwogram:** NYCPS fè fas ak aksè ki pa egal pou elèv jwenn bon jan kalite pwogram edikasyon bileng (tankou pwogram nan de lang (Dual Language, DL) ak pwogram edikasyon bileng pou tranzisyon (Transitional Bilingual Education, TBE)), pwogram Anglè kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language, ENL), sèl pwogram ansanm avèk opsyon kou lang mondyal ak lang eritaj nan diferan distri ki limite nan materyèl pedagogik epi ki manke resous pou elèv k ap aprann anglè (ELL).
- **Lekòl enklizif:** Anpil lekòl ap lite pou satisfè tout bezwen konplèks elèv k ap aprann nan plizyè lang (MLL) ak imigran ansanm avèk fanmi yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo¹, atravè pwogram ak inisyativ tankou Dream Squads ak Project Open Arms ki mete anvalè pratik efikas ak enklizif.
- **Pa gen ase pwofesè:** NYCPS gen gwo ratman pwofesè bileng ak pwofesè ki pale lang mondyal, epi sa mande yon estrateji ki fè sans pou prepare pwofesè, rekritman edikatè miltileng ak aprantisaj pwofesyonèl pou bay tout pwofesè konesans pou sèvi elèv k ap aprann lang anglè (ELL).
- **Patisipasyon fanmi:** Malgre gen plis aksè nan resous pou lang, obstak ki toujou egziste nan lang ak estrikti ki pa aksesib limite kapasite fanmi yo pou patisipe kòm vrè patnè nan edikasyon pitit yo kòm defansè ak moun k ap pran desizyon.
- **Preparasyon Kolèj ak Karyè:** Obstak pou kou avanse, aprantisaj ki baze sou travay, ak Seal Biliteracy anpeche elèv k ap aprann nan plizyè lang (MLL) ak elèv imigran yo devlope toutbon konpetans, kalifikasyon ak jwenn opòtinite ki sipòte siksè akademik alontèm, estabilite finansyèl, ak pwogrè nan karyè.

Sijè yo te abòde nan rezilta yo

Pou sipòte reyalizasyon yon plan estratejik pou gwo transfòmasyon edikasyon miltileng nan NYCPS, gen kat tèm ki parèt nan rezilta yo kòm faktè enpòtan pou asire pwogrè ak enpak pozitif pou elèv k ap aprann nan plizyè lang ak elèv imigran ak fanmi yo.

- **Fikse nòm nan tout sistèm lan pou kalite ak aksè** pou edikasyon bileng ak konsepsyon, aplikasyon ak kontinwite pwogram Angle kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language, ENL).
- **Amelyore aksè nan done ak enfòmasyon** pou ede fanmi yo konprann pwogram ak règleman ki gen enpak sou pitit yo epi pou ba yo kapasite kòm vrè patnè nan edikasyon pitit yo.

¹ NYCPS pa mande ni kolekte enfòmasyon sou estati imigrasyon elèv K-12yèm ane oswa sou fanmi yo

- **Bay resous ak finansman priyorite** pou sipòte rezilta ekitab pou elèv k ap aprann nan plizyè lang ak elèv imigran nan gwo inisyativ NYCPS yo.
- **Adopte yon mantalite ki baze sou atou** ki rekonèt entelijans ak potansyèl elèv k ap aprann nan plizyè lang jan sa parèt nan siksè elèv ki toujou ap aprann lang anglè (ELL) yo konpare avèk kamarad yo ki pa janm elèv ELL.

Priyorite

Dapre rezilta sa yo, rapò sa a fikse senk priyorite enpòtan. Ansanm, priyorite sa yo defini angajman nou anvè elèv k ap aprann nan plizyè lang ak fanmi imigran nan lekòl nou yo, epi yo bay yon estrikti pou asire enklizyon, aksè, ak ekselans fè pati plan gwo transfòmasyon edikasyon mitileng pou NYCPS.

- **Priyorite 1:** Etabli bon kalite pakou pou Multilingualism avèk aksè ekitab pou elèv k ap aprann lang anglè (ELL)
- **Priyorite 2:** Ranfòse epi elaji yon fòs travay ki pote repons onivo kiltirèl ak lengwistik
- **Priyorite 3:** Ankouraje yon kilti enklizyon ak apatenans pou elèv k ap aprann nan plizyè lang ansanm ak elèv imigran ak fanmi yo
- **Priyorite 4:** Ankouraje fanmi ki pale plizyè lang ak fanmi imigran ansanm ak lidèchip ak defans nan kominote
- **Priyorite 5:** Rekonèt pale plizyè lang (Multilingualism) kòm yon konpetans esansyèl pou preparasyon kolèj, karyè, ak sivik

Sa nou rekòmande

Priyorite 1: Etabli bon jan pakou pou Multilingualism avèk aksè ekitab pou elèv k ap aprann lang anglè (ELL)

1.1 Amelyore kantite plas ki disponib ak kalite pwogram bileng

- 1.1a Tout distri yo ta dwe ogmante kantite plas ki disponib nan bon jan kalite pwogram edikasyon bileng, ladan pwogram bileng an de lang atravè tout nivo klas epi pran mezi pou ogmante aksè pou elèv ki ap aprann lang anglè (English Language Learners, ELL).
- 1.1b NYCPS ta dwe travay onivo santral ansanm avèk distri ak lekòl yo pou asire tout pwogram edikasyon bileng gen plis aksè nan bon jan kalite kourikoulòm ak materyèl ki nan pwogram lang lan.
- 1.1c NYCPS ta dwe travay onivo santral ansanm avèk distri ak lekòl yo pou asire tout pwogram edikasyon bileng gen plis aksè pou evalaytè yo (screener) pou elèv yo, ni nan lang anglè

ni nan lang natifnatal la pou kontwòle pwogrè ak devlopman kòm repons pou ansèyman an epi pou prevwa risk ki gen nan lekti nan tou de pwogram lang yo.

1.2 Amelyore pwogram ENL

- 1.2a Tout lekòl ta dwe aplike ko-ansèyman ENL entegre ki efikas anpil lè yo byen suiv gid pou pwogram ko-ansèyman ENL ak de pwofesè, bay tan konsistan ak sifizan pou planifye ansanm epi bay priyorite nan prezans pou pwofesè yo ka anseye ansanm pou patisipe ansanm nan aprantisaj pwofesyonèl.
- 1.2b NYCPS ta dwe elaji kourikoulòm debaz la pou mete ladan kourikoulòm Devlopman Lang Anglè (English Language Development, ELD) ki devwe, ki apwopriye pou nivo klas la, pou bay ansèyman Anglè otònòm kòm yon nouvo eleman pedagogik lang, K-12yèm ane.

1.3 Amelyorasyon nan pwogram lang mondyal ak lang eritaj ak kantite plas ki disponib nan yo

- 1.3a Lekòl ak distri yo ta dwe bay plis aksè nan opsyon pou kou nan lang mondyal ak lang eritaj.
- 1.3b NYCPS ta dwe chwazi epi sipòte kourikoulòm debaz ki aliyen avèk nòm yo pou pwogram lang mondyal ak lang eritaj.

1.4 Etap nan tout sistèm lan pou amelyore pwogram ak sèvis ELL

- 1.4a NYCPS ta dwe fè yon analiz depans sou pòsyon finansman pou aktyèl pou ELL dapre fòmil NYCPS Fair Student Funding lan.
- 1.4b NYCPS ta dwe fasilite yon etid anpwofondè sou avantaj pwogram edikasyon bileng genyen nan NYCPS epi idantifye endikatè enpòtan kalite pwogram ki nesèsè pou reyalize avantaj sa yo.
- 1.4c NYCPS ta dwe elaji rapò done piblik sou tout pwogram ELL epi asire enfòmasyon yo disponib sou yon plafòtòm ki nan plizyè lang k ap fasil pou fanmi, manm kominote a ak moun k ap fè règleman/pran desizyon yo itilize.

Priyorite 2: Ranfòse epi elaji yon fòs travay ki pote repons onivo kiltirèl ak lengwistik

- 2.1 NYCPS ta dwe ogmante envestisman finansye ak pwogram nan Grow Your Own ak lòt pwogram rekritman pou elaji ak divèsifye sistèm edikasyon ki sètifye pou travay nan edikasyon bileng, anglè kòm yon nouvo lang (ENL), ak nan lang mondyal yo.
- 2.2 NYCPS ta dwe devlope bon jan pakou karyè, nan tout vil la, pou edikasyon bileng, ENL, ak lang mondyal pou elèv k ap aprann nan plizyè lang (ELL) kòm yon pati nan pakou edikasyon FutureReadyNYC a.

- 2.3 NYCPS ta dwe agrandi koleksyon done epi fè analize bezwen aktyèl ak bezwen mendèv yo prevwa pou pwogram bileng, ENL, ak lang mondyal.
- 2.4 NYCPS ak Enstiti edikasyon siperyè (Institutes of Higher Education, IHE) ta dwe travay ansanm pou asire pwogram fòmasyon pwofesè yo aliyen avèk bezwen divès ak bezwen elèv NYCPS k ap aprann nan plizyè lang ak distri lekòl ki sèvi yo.
- 2.5 Tout pwofesè ak lidè lekòl ta dwe resevwa fòmasyon ak zouti pou sipòte bezwen akademik, sosyomosyonèl ak lengwistik elèv k ap aprann lang anglè (ELL) ak elèv imigran yo, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo, pou asire anviwònman ki enklizif ak pozitif nan chak nivo klas.
- 2.6 Tout lekòl ta dwe idantifye yon kowòdonatè ELL pou bay sipò ak fè sipèvizyon pou aplikasyon règleman yo ak siksè akademik elèv k ap aprann lang anglè (ELL).
- 2.7 NYCPS, Institutes of Higher Education (IHE), ak Federasyon Pwofesè Ini (United Federation of Teachers, UFT) ta dwe travay ansanm pou fè aprantisaj pwofesyonèl Fòmasyon kontini pwofesè ak lidè (Continuing Teacher and Leader Education, CTLE) ki fokis sou ML/ELL pou tout edikatè yo vin fòmèl.

Priorite 3: Ankouraje yon kilti enklizyon ak apatenans pou elèv k ap aprann nan plizyè lang ak elèv imigran ak fanmi yo

- 3.1 Chak distri ta dwe bay lekòl yo enfòmasyon, fòmasyon ak sipò pou yo ka kolabore avèk òganizasyon kominotè yo pou yo reponn ak bezwen elèv multilengeng ak elèv imigran ak fanmi yo.
- 3.2 Chak lekòl ta dwe gen yon ekip edikatè ak estaf nan lekòl la ki resevwa fòmasyon pou sèvi kòm defansè elèv k ap aprann nan plizyè lang (MLL) ak imigran ak fanmi yo, avèk yon kowòdonatè ki la pou sèvi kòm lyezon ant distri a ak biwo santral yo.
- 3.3 NYCPS ta dwe kontinye investi nan aksè epi elaji l nan kourikoulòm ki bay repons onivo kilti ak lang ansanm avèk kontribisyon kominote a.
- 3.4 Tout lekòl ta dwe pran mezi pou asire yo reprezante diferan divès idantite ak divès lang elèv ak fanmi yo pale nan materyèl salklas ak nan bibliyotèk yo.
- 3.5 Tout lekòl ta dwe planifye epi kreye espas ki akeyan ak enklizif pou fanmi ak imigran ki pale plizyè lang (sa vle di: kabinèt pou swen, pano siyalizasyon, sant byenveni, sal pou fanmi, etc.).

Priorite 4: Ankouraje moun ki pale plizyè lang ak fanmi imigran ansanm ak lidèchip ak defans nan kominote

- 4.1 NYCPS ta dwe pran mezi pou asire yo toujou reprezante aktivman fanmi ki pale plizyè lang ak imigran epi pou yo patisipe nan lidèchip ak nan desizyon k ap pran nan konsèy

edikasyon vil la ak konsèy edikasyon komite kominote a epi sipòte yo lè y ap patisipe nan disizyon k ap pran onivo lekòl yo.

- 4.2 Tout manm konsèy edikasyon vil la ak kominote a ta dwe resevwa fòmasyon sou resous pou fanmi ki pale plizyè lang ak imigran yo ak kòman pou sipòte pakou ki mennen nan multilingualism.
- 4.3 Tout Asosyasyon Paran-Pwofesè (Parent-Teacher Associations, PTA), Ekip Lidèchip Lekòl (School Leadership Teams, SLT), Ekip Lidèchip Distri (District Leadership Teams, DLT), ak Konsèy Paran k ap sipòte edikasyon pou debitan ta dwe resevwa fòmasyon sou resous ak sipò pou elèv a ap aprann nan plizyè lang ak elèv imigran ak fanmi yo, tankou sèvis entèpretasyon, pou kapab kreye bon patenarya ant lekòl ak fanmi, ak opòtinite lidèchip pou fanmi ki pale plizyè lang ak fani imigran yo.

Priyorite 5: Rekonèt pale plizyè lang kòm yon konpetans esansyèl pou preparasyon pou kolèj, karyè, ak sivil

- 5.1 Tout lekòl segondè ta dwe ofri So bilitareasi Eta Nouyòk (New York State Seal of Biliteracy, NYSSB) an.
- 5.2 NYCPS dwe elaji patenarya avèk Enstiti Edikasyon Siperyè yo pou bay kredi kolèj pou elèv ki gradye lekòl segondè NYCPS ki genyen NYSSB a.
- 5.3 Tout lekòl segondè ta dwe ogmante aksè pou jwenn kredi kolèj bonè avèk yon konsantrasyon sou opòtinite doub enskripsyon ki bay kredi pou elèv k ap aprann nan plizyè lang ak elèv imigran yo.
- 5.4 NYCPS ta dwe elaji pwogram lidèchip elèv ki mete aksan sou kapasite multilingualism ak lidèchip mondyal.
- 5.5 Tout lekòl segondè ta dwe elaji patisipasyon elèv k ap aprann nan plizyè lang ak elèv imigran nan ansèyman ki lye avèk karyè, eksperyans aprantisaj ki baze sou travay, ankadreman, ak opòtinite pou rankontre lòt moun.
- 5.6 NYCPS dwe asire aplikasyon vizyon/objektif moun k ap gradye a (Portrait of the Graduate) gen ladan definisyon ak pwosesis pou montre konpetans ki pran an konsiderasyon fòs elèv k ap aprann nan plizyè lang ak elèv imigran, tankou konpetans nan lang ak metriz kiltirèl.

Prepare alavans

Nan yon patenarya k ap kontinye avèk Konsèy Konsiltatif la ak kominote a an jeneral, NYCPS pran angajman pou transfòme rekòmandasyon sa yo an chanjman k ap dire. Lè nou selebre epi devlope konpetans nan lang ak nan plizyè kilti elèv k ap aprann nan plizyè lang ak elèv imigran nou yo—epi lè nou ankouraje fòs sa yo pou tout moun—n ap fikse yon estanda nasyonal pou edikasyon miltileng ak lekòl ki akeyan ak enklizif kote elèv yo gen objektif ak yon santiman apatenans, fyè de idantite yo, epi gradye pou dirije, kontribye, epi reyisi nan kominote yo ak nan mond lan.

Li rapò konplè a epi jwenn plis enfòmasyon sou efò NYCPS ap fè pou aplike rekòmandasyon konsèy konsiltatif la sou [paj wèb NYCPS Multilingual NYC](#).

Remèsiman

Prezidan konsèy konsiltatif 2025

- Dr. Brenda Garcia - Chief of Multilingual Learners, NYCPS
- Lois Jenkins, Direkt ML/ELL College Readiness, NYCPS
- Moumita Zaman - Associate Director of Multilingual and Immigrant Capacity Building, NYCPS
- Arlen Benjamin-Gomez - Paran/responsab, Direktè Egzekitif, EdTrust-New York
- Dr. Kristy De La Cruz - Sipèentandan, lekòl kominotè district 4
- Lara Evangelista - Direktè Egzekitif, Internationals Network for Public Schools

Manm konsèy konsiltatif 2025

- Afsana Haque - Paran/responsab, P.S. X014 Senator John Calandra
- Alan Cheng - Sipèentandan, Consortium, International, NYC Outward Bound Schools
- Alfonso Guzman - Direktè, Paran ak Angajman fanmi, INCLUDEnyc
- Ameria Alleyne - Paran/responsab, defansè, Good Shepherd Services
- América Cañas Garcia - Paran/responsab, Vis prezidan anchèf, United Way of New York City
- Carmen Diaz-Malvido - CEO, ASPIRA of New York Inc.
- Dr. Chandler Patton Miranda - Paran/responsab, Assistant Professor, Educational Leadership for Diverse Learning Communities, Molloy University
- Dr. Darling James Miramey - Paran/responsab, Multilingual NYC - The Partnership for Multilingual Education in NYC

- Dominika McPartland - Transfer Schools ML/ELL Services Administrator, Hunter College (CUNY) TESOL Adjunct Lecturer, NYSABE Polish Language Delegate
- Edward Herrera - Sikològ lekòl bileng, P.S. 177 The Marlboro
- Emilia Fiallo - Fondatè UndocuTeacher
- Erika Abelon - Direktè pou Inisiyativ Estratejik, Office of University Dean for Education, CUNY
- Erum Hanif - CEO ak manm komite, APNA Brooklyn Community Center
- Dr. Fabienne Doucet - Direktè Egzekitif, New York University Metropolitan Center
- Geyser Rodriguez - Pwofesè, East Bronx Academy for the Future
- Hanan Fahmy - Asistan Direktè, P.S. 206 Joseph F Lamb
- Israt Nali - Asistan Direktè, P.S. 214 Michael Friedsam
- Dr. Jo Ann Benoit - Direktè Egzekitif Sipò ak Fonksyonman Lekòl, Distri Lekòl Kominotè 28
- John Sullivan - Sipèentandan, Transfer Schools District
- Juan Camilo Trespalacios - Pwofesè, P.S. 044 Thomas C. Brown
- Juvanie Piquant - Chèf kabinè, New York City Council Member Rita Joseph
- Kaitlin Rosario-Rivera - Pwofesè, P.S. 097 Forest Park
- Dr. Kate Menken - Pwofesè lengwistik ak TESOL, Queens College (CUNY) ak NYSABE
- Katie Kurjakovic - English Language Learner Specialist, United Federation of Teachers (UFT)
- Vlad Tlali - Senior Policy Strategist, New York Immigration Coalition
- Yasmin Naji - Senior Manager of Education Policy, New York Immigration Coalition

- Dr. Laura Ascenzi-Moreno - Pwofesè edikasyon bileng, Brooklyn College (CUNY)
- Lilly Chan - Paran/responsab, Pwofesè, P.S. 206 Jose Celso Barbosa
- Longping Wong-Qu - Pwofesè, Newtown High School
- Maggie Sanchez - Reyinyon Konsèy Vil la pou Edikasyon Espesyal
- Maimouna Dieye - Manadjè pwogram, African Communities Together
- Marisol Castaneda-Salgado - Jèn Travayè, Beam Center
- Melanie Katz - Direktè, Franklin D. Roosevelt High School
- Melissa Scala - Direktè ML/ELL distri 75
- Naveed Hasan - Manm yo eli nan komite paran pou règleman sou edikasyon (Panel for Education Policy (PEP), Direktè Fondatè No Limits Learning, Paran/responsab nan P.S. 145 The Bloomingdale School
- Paola Jordan - Paran/responsab, Direktè Sant Paran Metropolitan, Sinergia Inc.
- Rita Rodriguez-Engberg - Direktè Pwojè Dwa Elèv Imigran, Advocates for Children
- Ron Woo - Direktè Egzekitif, New York State Statewide Language Regional Bilingual Education Resource Network (RBERN)
- Dr. Rosa Rivera-McCutchen - Pwofesè Administrasyon ak Sipèvizyon, Lidèchip Enstriksyon, Hunter College (CUNY)
- Dr. Sabrin Abedin - Direktè ML/ELL Bronx
- Somia Elrowmeim - Fondatè ak CEO, Women's Empowerment Coalition of NYC
- Sonia Sendoya - Travayè sosyal, Make the Road New York, Community School Director at Bushwick Campus
- Steve Weiner - Pwofesè, "47" The American Sign Language and English Secondary School
- Tariq Khan - Paran/responsab, P.S. 135 The Bellaire School
- Dr. Tatyana Kleyn - Pwofesè edikasyon bileng ak TESOL, City College of New York, CUNY-Initiative on Immigration and Education and NYSABE (Ansyen presidan)
- Teresa Arboleda - Presidan, Konsèy tout Vil la pou elèv k ap aprann (Citywide Council for English Language Learners, CCELL)
- Yasmin Naji - Manadjè pou règleman nan edikasyon, New York Immigration Coalition
- Elèv ak ansyen elèv Lekòl Leta NYC

Lidèchip ak Sipò Pwojè

Mèsi a Chanselye Melissa Aviles-Ramos ak Chanselye Adjwen Divizyon Aprantisaj Enklizif ak Aksèsib, Christina Foti pou lidèchip ak defans yo nan reimajine yon sistèm ki enklizif ak aksèsib pou tout elèv k ap aprann. N ap remèsye estaf Biwo Elèv k ap aprann plizyè lang ak tout manm gwoup travay Santral NYCPS la pou angajman yo pou transparans, opòtinite pou fè dyalòg, ak kontribisyon yo nan bati konesans komen ak sipòte konsèy konsiltatif la nan pran desizyon. Finalman, n ap remèsye Anna Pons, konseye estratejik Divizyon Aprantisaj Enklizif ak Aksèsib pou elèv k ap aprann nan plizyè lang, ak patnè nou yo nan Sant pou Rechèch Piblik ak Lidèchip (Center for Public Research and Leadership, CPRL) nan Columbia University pou sipèvizyon yo sou pwojè sa a ak kolaborasyon nan sesyon nou yo. Nou gen yon fondasyon solid pou travay ki gen pou fèt yo.